# XALÍQ SHAYÍRLARÍ DÓRETIWSHILIGINDE HAYAL-QÍZLAR OBRAZÍ

**Durısbergenova Marina Ádilbay qızı**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Magistratura bólimi qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeliginiń 2 a kurs magistrantı*

**Annatociya:** *Bul maqalada Xalıq shayırlarınıń dóretpelerinde hayal-qızlar obrazı haqqında sóz etiledi. Ásirese, bul obrazlarǵa mısallar arqalı berilgen.*

**Tayanısh sózler:** *Obraz,lirikalıq obraz, kórkem súwretlew quralları, hayal –qızlar obrazı*

**Annatociya:** *In this article mentions the image of ghosts in folk poems. Especially, these images are given by examples*

**Key words:** *Image,types of meaning transfer,image of ghost-girls,lyrical image*

**Аннатоция:** *В этой статье упоминает образы приведений в народных поэмах. Осебенно эти образы приведены в качестве примеров.*

**Ключевые слова:** *Образ,типы передачи смысла, образ девушки, лирический образ*

Qaysı xalıqtıń jazıwshı hám shayırı bolmasın dóretpesinde hayal-qızlar ushın orın ajıratılǵan boladı. Hayal –qızlardıń jámiyettegi, shańaraqtaǵı ornı, olardıń ádep-ikramlılıǵı,páziyletleri tuwralı xalıq shayırlarınıń dóretpelerinde ayrıqsha súwretlenedi. Shayırlar hayal-qızlardı táriyiplegende hár qıylı súwretlew qurallarınan paydalanǵan halda obrazın beredi. Lirikalıq obraz- turmıs shınlıǵın shayırdıń júrek sezimi,kewil –kúy arqalı súwretlep beriwi.Bunda kóbirek shayır óz obrazı bar yamasa ol oǵan kútá jaqın. Demek,shayırdıń ruwxıy dúnyası,tásirleniwleri arqalı jasalǵan názik sırları lirikalıq obraz [1;54].

Bunnan basqa obrazǵa basqada táriyiplewler bersekte boladı. Hár qanday shayırdıń dóretpesinde lirikalıq qaharman boladı. Bunı sol dóretpeler mn tanısqanda bilemiz, ondaǵı obrazlar shayır qalay dóretkenligin baqlaymız. Belgili ilimpaz V.G.Belinskiy aytqanınday: «Shayır obraz arqalı oylaydı» dep kórsetken. Ádebiy dóretpelerde kóbirek obraz atamasında jazıwshı tárepinen súwretlengen insan minez-qulqı,onıń dúnyaǵa kóz-qarası,oy-pikiri hám sezimler álemi túsiniledi. Mine ,usı obraz arqalı shayır-jazıwshılar ózleriniń tutqan baǵdarına ,alǵa qoyǵan niyetine baylanıslı jámiyetlik turmıs haqqındaǵı óz pikirlerin bildiredi,olardı maqullaydı yamasa biykarlaydı. [2;149]

Usı pikirlerge qosıla otırıp shayırlardıń dóretpelerindegi hayal-qızlar obrazında berilgen kóplegen dóretpelerdi kórsek boladı . Máselen: Jańabay Qaratay ulınıń «Arzıgúl», «Ayjamal» qosıqlarında :

Atańız atalıq , atıń Arzıgúl,
Tilleriń zibandur,yúzleriń gúl-gúl,
Jeńgeńiz Qatiyra,sińlińiz Aygúl,
Yup atqa júk bolar nazıń ,Arzıgúl. [3;70]

Pashshayı taqıyań bar kiygen basında,
Búlbúl bolıp sayrap tursam qasında,
Saǵan ashıq boldım on bes jasımda,
Jańǵırlap janımnan ótseń ,Ayjamal. [3;70]

Bul dóretpelerde Jańabay shayır metaforalıq usıldan sheberlik penen paydalanǵan. Jánede Qazı Máwliktiń «Periyzat», «Qızlar qosıǵı » dóretpesinde de usınday usıllar ushırasadı:

Sen bir qızıl gúlseń alǵım salıpman,
Bir kesa shay óz qolıńnan alıpman,
Ádep-ikramıńa hayran qalıpman,
Meniń aqıl-hushım aldıń,periyzat. [3;62]
Kegeyli boyına barǵım keledi,
Ótkendi-ketkendi kórgim keledi,
Sadaǵań bolayın,gul yuzli dilbar,
Sallanıp aldında turǵım keledi [3;64]

Metafora- (gr.metaphora-awıstırıw).Eki predmet yaki qubılıstıń qandayda bir uqsaslıq tárepke tiykarlanıp, onıń birewine tiyisli belgini awıspalı mánide ekinshi predmet penen baylanıstırıp aytıw. . [4;87]

Qazı Máwlik penen Sapuranıń aytısında,Qazı Máwlik Sapuraǵa usınday táriyiptegi qatarlardı jiberedi:

Ǵalı ne,tilla ne,kóz tanıy bilmes,
Sońra beden sezip ,ol tanıy ármish,
Tanımaq na insap, sezbegen soqır,
Alım bir elimdur,sheshen ol dárya,
Sapura –ol,
Shayır teńizine shúmgen insandur! [3;87]

Bunnan basqa Omar Súyirbek ulınıń «Biybijan» qosıǵında Biybijand obrazın súwretlewde teńewlerden paydalanǵan:

Sonday sulıw boldı arıw Biybijan,
Sonday otqa tústi ashıq neshe jan,
Tisleri hinjidey kelbeti kelgen,
Mısalı qol menen dizgendey marjan. [5;93]

Teńew- kórkem ádebiyatta jazıwshı súwretlep otırǵan nárseni ayrıqsha atap kórsetiw ushın ,oqıwshınıń yadında saqlawı ushın ekinshi bir zat penen salıstırıp teńeydi. [2;122]

Kórkem súwretlew qurallar ishinde eń kóp qollanıwshı súwretlew quralı bul-teńew bolıp tabıladı. Teńewler paydalanılmaǵan kórkem shıǵarma hám lirikalıq dóretpelerdi ushıratıw qıyın.

Palday tamar hár bir sóylegen sózi,
Gáwharday jarqırap jaynaydı kózi,
Dep aytqanlar zamanında kóp boldı,

Mıń tillaǵa arzan bir basqan izi . [5;93]

Kórkem súwretlew quralları kóp qollanılsa dóretpelerdegi obrazlar meyli ol hayal-qızlar bolsın,meyli basqa nárse janlı túrde kitap oqıwshınıń kóz aldında sáwlelenedi. Álbette ,bunday waqıtta bizge súwretlew quralları úlken áhmiyetke iye boladı. Sebebi,dóretpedegi obrazlardı janlı túrde jetkerip beriw shayırdıń sheberligine ,usıllarına baylanıslı bolıp keledi. Ayırım shayırlar hayal-qızlar obrazın dóretiwde folklordanda sheberlik penen paydalanadı.

Mansur menen Dámeniń aytısında, Mansur Dáme shayırǵa tómendegishe teńewlerden sheberlik penen paydalanǵan halda súwretleydi:

Appaq tis ,qıyqash qası,qızıl júzi,
Toqpaqtay burımları,ótkir kózi,
Adamda bunnan artıq sulıw tuwmas,
Bolmasa umjaqtaǵı húrdiń qızı.
Qolda altın bilesik,gáwhar júzik,
Mısalı qumırısqaday beli úzik . [3;93]

Bunday súwretlew qualların paydalanıw,kópshilik jaǵdaylarda , álbette shayırǵada,onıń uqıplılıǵınada baylanıslı bolıp keledi. Juwmaqlap aytqanda, joqarıda toqtap ótilgen xalıq shayırlarınan basqada shayırlarımızda obraz dóretiwde yaǵnıy hayal-qızlar obrazında teńewler,metafora hám t.b súwretlew quralları ushıraydı,olarda óz dóretpelerinde bulardan sheberlik penen paydalanǵan. Ele kóplegen xalıq shayırlarınıń dóretpelerinde hayal-qızlar obrazın dóretiwdegi sheberligi ,paydalanǵan usılların úyrenip shıǵıw aldaǵı wazıypalardan biri bolıp tabıladı.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Axmetov S, Sultanov K, "Adebiyattaniw"- Nokis, " Qaraqalpaqstan". 1987
2. Axmetov S, Sultanov K, "Adebiyattaniw atamalarining orissha-qaraqalpaqsha tusindirme so'zligi" - Nokis. "Bilim" 1994
3. Paraxatdinov A, "Xaliq shayirlari", Nokis. " Qaraqalpaqstan" 1997
4. Axmetov S, "Adebiyattaniw terminlerining qisqasha so'zligi"- Nokis. " Qaraqalpaqstan". 1972
5. Pirnazarov A, "Otesh, Omar ham folklor".- Nokis " Qaraqalpaqstan". 1991